



Règ Pwogram Chèltè Inifòm pou Fanmi yo nan Chèltè Familyal Asistans Ijans EA

Kisa Chèltè Familyal Asistans Ijans EA ye?



Antre nan Chèltè a



Swiv Règ Chèltè a



Kreye yon plan pou w jwenn nouvo kay ou a



Swiv etap yo nan plan w lan



Reyisi jwenn yon nouvo lojman

Byenvini nan pwogram Chèltè Familyal Asistans Ijans EA a. Nou isit la pou ede w ak pwochen pati vwayaj ou a. Pwogram nou an se pou fanmi ki bezwen èd touswit. Li se yon mwayen pou rann lavi ou estab ankò.

Pandan w ap rete nan chèltè w ap gen kèk travay ak devwa pou w fè. Sa yo pral ede w retounen sou de pye ou byen vit. Chèltè a se pa yon kay pèmanan, men li se yon kote pou kenbe ou menm ak fanmi ou an sekirite pandan w ap chèche pwochen kote pou w viv la.

Pou kisa règ sa yo?

Lè w rete nan yon chèltè, ou dwe swiv règ sa yo. Yo aplike pou Bridge Shetler track, tankou chèltè an gwoup, chèltè dispèse, ak otèl. Yo pral note règ ki diferan pou otèl yo.

Règ sa yo kenbe ou menm ak lòt moun an sekirite pandan w nan chèltè a. Yo pral ede gide fanmi ou epi eksplike kijan anplwaye yo ka ede pandan ou rete nan chèltè a. Ou dwe swiv règ sa

yo. Si w pa fè sa, nou ka bay fanmi w yon non-konfòmite. Nou ka di fanmi w pou l kite chèltè a si w vyole règ yo plizyè fwa. Nou ka di fanmi w tou pou l kite espas la si w vyole règ yo yon fason grav. Si nou mande w pou kite chèltè a, yo p ap pèmèt ou retounen pandan douz mwa. Peryòd douz mwa a kòmanse nan dènye jou ou nan chèltè a oswa dènye jou ou te benefis chèltè a.

Kijan pou mwen li dokiman sa a?

Sa a se yon dokiman ke ou bezwen siyen. Li montre ke ou dakò pou swiv règl yo pandan w nan chèltè a. Chak seksyon gen yon rezime tou kout sou règ yo pou ede w.

Chak pati tou gen pwèn kle pou w konsantre sou yo. Yo ede w konnen kisa pou w fè oswa kijan

anplwaye yo ka ede w. Si w gen kesyon sou règleman yo pandan w ap aplike pou chèltè, pale ak kowòdonatè sanzabri w la. Si ou deja nan yon chèltè epi ou bezwen èd, mande anplwaye chèltè a



Kontni

Entwodiksyon.....	3
1. Aksè nan Inite yo/Fouy	4
2. Bebisit/Swen Timoun	6
3. Swen pou Timoun	8
4. Timoun nan te Rete san Sipèvizyon	9
5. Kouvrefe	10
6. Domaj nan Pwopriyete ak Depans.....	11
7. Egzijans EOHLC Tankou Randevou Obligatwa yo.....	12
8. Twoub Jwisans Pezib.....	13
9. Tès Dwòg.....	14
10. Sekirite kont Dife ak Fimen	14
11. Langaj Agresif oswa Menasan.....	15
12. Aktivite Ilegal.....	15
13. Pwoblèm Jiridik	16
14. Lannwit	16
15. Afè Pèsonèl ak Pwòpte nan Chanm nan.....	19
16. Bèt Kay:	20
17. Medikaman sou Preskripsyon	20
18. Agresyon Seksyèl	21
19. Abi Sibstans	22
20. Konpòtman Vyolan ak Maltretans ak Neglijans Anvè Timoun.....	22
21. Vizitè/Envite	23
22. Zam.....	25
23. Fòmilè Rekonesans pou Enfòmasyon sou dosye Delenkan Kriminèl (CORI).....	25
24. Enpòtan.....	26
Konklizyon	28
Chèltè Familyal Ijans EA Resi Règ Pwogram Chèltè Inifòm	29



Entwodiksyon

Rezime

- Gen de kaliteabri – Bridge Shelter track ak Rapid Shelter. Bridge Shelter se pou fanmi ki gen bezwen ki pi konplèks epi ki bezwen plis sipò pou jwenn lojman pèmanan, epi byen rapid Shelter se pou fanmi ki genyan posibilite pou jwenn lojman pèmanan pi vit oswa pi fasil.
- Règ pwogram Abri inifòm yo aplike pou sit ki pati nan Bridge Shelter track la Bridge shelter track
- Kèk sit otèl ak sit ki pati nan Rapid Shelter Track la ka gen règ ki diferan de règ pwogram Abri inifòm yo. Règ sa yo diskite nan dokiman sa a. Yon ensidan ap konte kòm yon vyolasyon règ menm si ou te vyole plis pase yon règ.
- Si anplwaye yo di ou te vyole yon règ, ou pral gen chans pou reponn.
- Nou pral konsidere si ou gen rezon valab pou vyole règ la oswa si aksyon w lan te minè.

Refijye yo dwe poste kopi Règ pwogram Abri Inifòm sa yo. Règ sa yo aplike pou sit ki pati nan Bridge Shelter track la, ki enkliabri kolektif akabri dispèse ansanm ak plasman otèl, eksepte si gen endikasyon ki kontrè.

Remake byen, sòf si sa endike yon lòt jan, tout referans aabri ak anplwayeabri nan Règ Pwogram Inifòm lan ap aplike pou anplwaye EOHLC oswa reprezantan yo nan plasman ki nan otèl la. Jan yo itilize nan Règ pwogram Inifòm Abri sa yo, "otèl" refere a otèl ak motèl, epi "abri," si se pa sa ki define l pi presizeman, sa vle diabri ki kolektif e ki dispèse. Tout referans sou sous-Sekretè a se pou Sous-Sekretè Divizyon Etablisman Lojman DHS),yon divizyon nan Biwo Egzekitif pou Lojman ak Kominote Livable.

Yon sèl ensidan ki ta ka konsidere kòm yon vyolasyon de oswa plis nan Règ Pwogram Chèltè Inifòm yo, oswa youn oswa plis Règ Pwogram Chèltè Inifòm ak yon vyolasyon plan relojman dapre 760 CMR 67.06 (5)(a)3. oswa yon menas pou sante ak sekirite dapre 760 CMR 67.06(5)(a)3. oswa 760 CMR 67.06(6)(a)1, pral konte kòm yon sèl enfraksyon.

Si yon sèl ensidan ta ka kalifye kòm yon vyolasyon Règ Chèltè Inifòm ak yon menas pou sante ak sekirite dapre 760 CMR 67.06 (5)(a)5 oswa r 760 CMR 67.06 (6)(a)1., tou de vyolasyon yo ta dwe verifye sou Demann pou Non- Konfòmite Bridge Track shetler a oswa otèl la voye bay EOHLC. Nan ka sa yo, EOHLC, dwe pran an kont nenpòt defans *ki gen enpòtans minim* oswa rezon valab ki aplikab pou vyolasyon Règ Inifòm Chèltè a lè li konsidere si ensidan an te konstitiye yon menas pou sante ak sekirite.

Si yon sèl ensidan ta ka kalifye alafwa kòm yon vyolasyon Règ Chèltè Inifòm ak yon vyolasyon plan re-lojman dapre 760 CMR 67.06 (5)(a)3., tou de vyolasyon yo ta dwe verifyen sou demann pou konnen si gen non-konfòmite Bridge Track shetler a oswa otèl la voye bay EOHLIC. Nan ka sa yo, si vyolasyon an enplike pwoblèm ki adrese nan Règ sou Egzijans EOHLIC yo, tankou prezans nan reyinyon pwograme yo, dispozisyon ki Règ la dwe aplike tou pou prezime vyolasyon Règ la. Si yon sèl ensidan ta ka kalifye alafwa kòm yon vyolasyon Règ Chèltè Inifòm oswa yon menas pou sante ak sekirite dapre 760 CMR 67.06 (5)(a)5 oswa 760 CMR 67.06 (6)(a)1, tou de vyolasyon yo ta dwe verifye sou Avi Non-Konfòmite chèltè a oswa otèl la voye bay EOHLIC epi EOHLIC ta dwe patisipan an yon opòtinite pou reponn anvan yo bay yon Avi Non-Konfòmite epi li ta dwe pran an kont tout rezon valab oswa defans ki gen enpòtans *minim* nan nenpòt règ ki koresponn lan.

Prensip Direktè yo

- Trete fanmi yo kòm moun epi avèk diyite, tankou kenbe yon nivo respè vi prive
- Sante ak sekirite envite yo, anplwaye yo, ak kominote a
- Prezèvasyon otonomi fanmi yo ak pwomosyon lavi endepandan/otosifisans
- Jere chèltè a ak administrasyon pwogram lan avèk sikse

🔑 1. Aksè nan Inite yo/Fouy

Rezime

- Anplwaye yo ka antre nan inite w la pou fè enspeksyon.
- Anplwaye yo dwe ba ou preavi 24 èdtan anvan vizit la, men yo ka antre san avètisman pou ijans oswa si yo gen rezon pou panse ou:
 - ap komèt yon krim nan chanm ou;
 - ap kwit manje nan chanm ou;
 - ap fimen nan chanm ou; oswa
 - gen envite ki pa apwouve nan chanm ou.
- Anplwaye yo dwe frappe anvan yo antre nan inite w la pou yon enspeksyon. Anplwaye yo dwe ba ou chans pou ou louvri pòt la epi pale avèk yo anvan yo ka antre. Si pa gen repons, anplwaye chèltè ak otèl yo ka toujou antre nan inite a pou yon enspeksyon si yo te bay yon preavi 24 èdtan.
- Nan yon otèl:



- Ou dwe pèmèt antretyen fèt nan chanm ou pou netwaye chak jou pandan lajounen
- Nou pral ba ou yon fenèt twa zèdtan pou lè netwayaj la pral rive
- Men, ou ka refize antretyen an pandan jiska twa jou youn apre lòt si ou malad.

Règ konplè sou Aksè nan Inite yo/Fouy yo

Verifikasyon ka fèt nan chanm yo ak/oswa inite yo nan chèltè kolektif, chèltè dispèse, ak otèl yo pou wè si yo pwòp ak ijyenik oswa si gen danje sekirite avèk omwen avi alekri 24 èdtan oswa regilyèman, a kondisyon yo bay Fwaye EA yo avi alekri sou kalandriye enspeksyon regilye a omwen 24 èdtan anvan premye enspeksyon regilye a epi pou tout enspeksyon regilye yo pwograme pou yon lè anvan 8:00 pm. Avi enspeksyon yo dwe gen ladan yon peryòd ki pa plis pase 3 zèdtan pandan nenpòt enspeksyon dwe fèt la. Anplis de sa, anplwaye yo gen aksè imedyat 24 èdtan san avètisman alavans nan tout inite EA yo, ki gen ladan men pa sèlman chanm otèl yo, (1) nan ka ijans; ak (2) pou rezon enspeksyon pa ajans gouvènman yo ki responsab pou fè aplike kòd konstriksyon, kòd sanitè, kòd prevansyon dife, oswa kòd sanitè. Ijans yo dwe gen ladan, men se pa sèlman, ijans sante ak ijans ki gen rapò ak etablisman tankou dife, fwit dlo, ak enfestasyon ensèk.

Inite EA yo, ki gen ladan chanm otèl yo, dwe disponib sou avi alekri 24 èdtan pou antretyen woutin nan yon fenèt tan 3 zèdtan ki enkli nan avi a, oswa nan nenpòt lòt moman yo te dakò youn ak lòt. Nan otèl yo, chanm yo dwe disponib chak jou pou antretyen regilye pa anplwaye antretyen otèl pandan èdtan yo prevwa pandan jounen an nan yon fenèt tan 3 zèdtan yo bay davans alekri a patisipan EA ki rete nan otèl la epi ki disponib nan resepsyon otèl la, oswa nan nenpòt lòt moman yo te dakò youn ak lòt, eksepte nan ka kote yo te fè aranjman pou yon Fwaye EA netwaye pwòp chanm li akòz andikap epi, nan ka sa yo, chanm nan dwe disponib sou avi ekri 24 èdtan pou enspeksyon pou pwòpte. Refize netwaye chanm akòz yon maladi akseptab tou, men pa plis pase twa jou youn apre lòt.

Anplis de sa, anplwaye chèltè, anplwaye otèl, anplwaye EOHLC, ak anplwaye kontraktè EOHLC ak lòt ajans leta k ap travay avèk EOHLC dwe gen aksè imedyat nan tout inite chèltè, tankou chanm otèl kote patisipan EA yo rete, nan tout ka kote (1) yo gen yon soupson rezonab, klè yon manm nan yon fwaye EA ap komèt yon krim nan moman an; ap fimen nan moman an, ap kwit manje avèk yon aparèy ki pa otorize, oswa resevwa vizitè ki pa otorize; oswa nan moman an enplike nan konduit ki konstitye yon latwoublay pou jwisans peizib lòt patisipan EA yo oswa kliyan otèl yo oswa yon menas pou sante oswa sekirite patisipan an, manm fwaye li, lòt patisipan EA nan chèltè a oswa otèl la, rezidan bilding kote yon inite sit dispèse twouve l, oswa envite/anplwaye chèltè a oswa otèl la, anplwaye EOHLC, oswa anplwaye kontraktè EOHLC yo ak lòt ajans leta k ap travay avèk EOHLC, epi (2) konduit sispèk la pa ka trete pa yon vizit nan inite a ki enplike sèlman frappe pòt la ak yon demann pou pale ak moun ki andedan yo.

Nan tout ka kote aksè, tankou aksè imedyat ak antretyen regilye otèl la, yo jistifye, anplwaye chèltè, anplwaye otèl, anplwaye EOHLC, ak anplwaye kontraktè EOHLC oswa lòt ajans leta oswa lokal k ap travay avèk EOHLC dwe frappe pòt antre a, anonse entansyon yo pou yo antre, epi bay rezidan an yon opòtinite pou ouvri pòt la anvan yo antre. Eksepte kote règ sa a otorize aksè imedyat, anplwaye chèltè, anplwaye otèl,

anplwaye EOHLC, ak anplwaye kontraktè EOHLC yo ak lòt ajans leta k ap travay ak EOHLC yo dwe gen aksè a inite yo sèlman apre avi alekri 24 èdtan alavans pou yon vizit ki dwe fèt nan yon delè 3 zèdtan.

Tout pòt nan yon otèl oswa inite chèltè, tankou pòt klozèt, ka louvri pandan enspeksyon woutin ak ijans yo. Afè pèsònèl nan klozèt oswa tiwa pa dwe deranje, eksepte jan règ sa a pèmèt sa, epi yo dwe kite yo nan yon eta òdone apre tout enspeksyon ki otorize. Yo ka enspekte afè pèsònèl nan klozèt oswa tiwa, men sèlman si gen soupson rezonab, klè sou prezans aktivite kriminel, sibstans ki entèdi pa règ sa yo, oswa itilizasyon ekipman entèdi pou chofaj oswa pou kwit manje. Prèy yo jwenn san yon rezon alekri pou fouye tiwa yo epi yo bay li a yon manm Fwaye EA anvan fouy la pa ka prezante an prèy nan yon odyans non-konfòmite oswa rezilyasyon EOHLC. Si yon fouy pou tiwa dwe fèt paske gen soupson rezonab epi yon manm fwaye EA prezan, yo pral bay rezon alekri fouy la a manm fwaye a anvan fouy la. Si pa gen okenn manm fwaye EA ki prezan pandan yon fouy konsa, yo pral kite rezon alekri a nan chanm nan.

Sof nan limit ki prevwa nan règ sa a, anplwaye chèltè yo pa gen dwa fè fouy nan afè pèsònèl fwaye EA yo. Anplwaye chèltè yo, sepandan, ka rele lapolis nan diskresyon yo si yo gen yon soupson rezonab ak klè yon manm fwaye EA oswa yon vizitè angaje nan aktivite kriminel, gen yon zam nan batiman an, oswa otreman reprezante yon menas pou sante oswa sekirite rezidan oswa anplwaye chèltè yo. Nan sikonstans ki anwo yo, lè anplwaye chèltè yo detèmine gen yon menas imedya pou sante oswa sekirite rezidan chèltè yo oswa anplwaye yo, oswa destriksyon prèy la iminan, anplwaye siperyè chèltè nan etablisman an nan moman an ka fè fouy li menm nan inite a, si li kapab fè sa an akò avèk enkyetid sekirite, oswa ka dakò pou lapolis fè yon fouy nan nenpòt inite. Manm siperyè pèsònèl chèltè sa a ka dakò tou pou lapolis fouye yon inite lè manm sa a gen yon soupson rezonab yon fouy konsa pral pèmèt jwenn yon bagay (1) ki ka lakòz domaj grav ak imedya oswa pou sèvi pou rezon kriminel (tankou, men pa sèlman, yon zam afe), epi (2) anplwaye ka pa posede l legalman. Nan nenpòt sikonstans ki endike anwo a, lè anplwaye chèltè a rele lapolis, yo ka mete restriksyon tou sou aksè nan inite a pa Fwaye EA jiskaske lapolis rive epi, apre lapolis rive, nan limit lapolis mande sa.

2. Bebisit/Swen Timoun

Rezime

- Règ bebisit sa yo aplike sèlman lè w nan chèltè w la. Yo pa aplike pou swen pitit ou a resevwa yon lòt kote. Ou dwe jwenn apwobasyon pou fè yon lòt moun gade pitit ou yo nan chèltè. Ou dwe ranpli yon fòm pou jwenn apwobasyon sa a.
- Ou ka mande anplwaye yo fòm lan, oswa resepsyon an si yo mete w nan yon otèl.
- Yo dwe mande apwobasyon omwen de jou lasemèn davans.
- Ou dwe toujou fè yon demann menm si ou pa ka fè sa de jou davans.
- Si ou pa tande nou nan lespas 2 jou, demann ou an apwouve.
- Ou bezwen apwobasyon menm pou gen yon lòt envite chèltè veye pitit ou a. Ou bezwen apwobasyon tou pou fè pi gran pitit ou a gade pi piti pitit ou a.



- Yon timoun ki gen 14 ane oswa plis ka gade timoun pou tèt li ak pou manm fanmi ki pi piti li yo men sèlman avèk apwobasyon alavans oswa pou yon rezon valab, tankou yon ijans. Yo dwe gade pitit ou a nan inite w la oswa nan inite bebisitè a. Yon bebisitè kapab mennen pitit ou a tou nan randevou andeyò chèltè a. Swen timoun ka pou yon sèl jou, plizyè jou, oswa sou yon baz kontinyèl.
- Besitè a dwe swiv tout règ chèltè yo. Sa gen ladan kouvrefe.

Règ Konplè sou Swen Timoun

Règ sa a aplike sèlman pou swen timoun sou plas oswa swen timoun nan chèltè a. Règ sa a pa kouvri swen timoun andeyò sit la, epi li otorize toutotan li pa an dezakò avèk plan relojman yon Fwaye EA.

Nan de (2) jou apre plasman inisyal la, yo pral bay chak Fwaye EA yon kopi fòm nan pou mande bebisitè.

Yon granmoun oswa yon timoun ki gen 16 ane oswa plis epi, nan yon otèl, ki se rezidan tou nan menm otèl la, kapab avèk otorizasyon oswa yon rezon valab ki detèmine pa 760 CMR 67.06 (6)(a)5 bay swen pou timoun nan yon lòt Fwaye EA.

Yon timoun ki gen 14 ane oswa plis ka pran swen tèt li oswa yon manm ki pi piti nan menm fwaye EA a avèk otorizasyon oswa yon rezon valab jan 760 CMR 67.06 (6)(a)5 detèmine sa. Si bebisitè a (oswa timoun ki otorize pou pran swen tèt li) gen mwens pase 16 ane, nenpòt bebisitè oswa swen pèsònèl dwe fèt nan inite ki afekte a Fwaye EA a oswa lè bebisitè a akonpaye frè ak sè ki pi jèn yo pou ale ak pou soti nan yon kote pou ale pran/depoze sou plas pou rankontre transpò pou ale lekòl, aktivite ki gen rapò ak lekòl la, randevou medikal, vizit otorize avèk manm fanmi yo, oswa lòt randevou ki gen rapò ak sante, sekirite, oswa byennèt. Si yon bebisitè oswa yon timoun k ap pran swen tèt li gen mwens pase 18 ane, yon manm adilt fwaye a pou timoun l ap pran swen an oswa k ap pran swen tèt li dwe (i) sou plas nan yon distans pou l tande vwa timoun nan oswa (ii) bebisitè oswa timoun yo ka rive jwenn li san pèdi tan pa telefòn epi li ka retounen san pèdi tan nan ka ijans.

Aranjman ki apwouve yo ka swa pou yon sèl okazyon oswa pou aranjman kontinyèl/alontèm. Yo p ap pèmèt bebisitè pandan lannwit sof si li apwouve pou rezon ki pèmèt yon retou an reta nan chèltè a apre kouvrefe oswa pou rezon valab jan 760 CMR 67.06 (6) (a) 5 detèmine sa.

Nan yon chèltè, bebisitè a dwe (i) apwouve pa anplwaye chèltè a epi (ii) depann de Direktiv Bebisitè Timoun EOHLC yo, ki gen ladan yon akò ekri pou bebisitè sou yon fòm estanda EOHLC ki dwe siyen pa chèf Fwaye EA a, bebisitè a, ak anplwaye chèltè a.

Nan otèl yo, fanmi yo ka ranpli fòm demann bebisitè la nan resepsyon otèl la epi otèl la pral imedyatman fakte fòm nan bay moun apwopriye ki deziyen pa Sou-Sekretè a (epi bay fwaye EA verifikasyon ki montre sa te fèt) ki dwe apwouve aranjman bebisitè/swen timoun nan plas anplwaye chèltè a. Enfòmasyon sou moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a ak fason pou kontakte li dwe disponib pou tout patisipan yo nan resepsyon chak otèl. Moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a dwe reponn a demann yon patisipan yo mete nan yon otèl pou apwobasyon yon bebisitè nan de jou ouvrab apre demann lan. Si yo pa resevwa yon repons nan de jou ouvrab oswa anvan tan

ki nesesè pou bebisit la lè bezwen an prezante nan mwens pase de jou ouvrab anvan tan pou bebisit yo pwopoze a, aranjman bebisit yo pwopoze a ka kontinye annatandan yon repons, men yon demann ki fèt avèk yon preyavi mwens pase de jou ouvrab ta dwe gen ladan rezon valab ki fè demann bebisit la pa te fèt omwen de jou davans epi yo ka refize demann lan nan de jou ouvrab apre dat demann lan. Patisipan ki kontinye avèk bebisit san yo pa eksprime apwobasyon davans pou fè sa avèk konpreyansyon aranjman an ka pa apwouve. Lè w ap konsidere demann bebisit yo, san bliye ka sa yo apre egzamen fè yo, yo p ap refize apwobasyon san deklare rezon valab yo.

Patisipan nan otèl yo dwe itilize yon bebisitè ki se tou yon patisipan EA yo mete nan menm otèl ak Fwaye EA k ap resevwa sèvis bebisit yo. Moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a oswa anplwaye chèltè a ka refize pèmisyon sèvis bebisit pou rezon valab, pran an kont bezwen Fanmi EA a, jan sa detèmine pa moun Sou-Sekretè a deziyen an oswa anplwaye chèltè a, tankou sante, sekirite, byennèt, ak sipèvizyon apwopriye timoun yo, ak istwa twoub nan lòt Fwaye EA yo. Desizyon moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a oswa anplwaye chèltè a sou baz sa a ka eklere pa non-konfòmite avèk règleman materyèl nan tan pase. Nan kad yon apèl administratif kont yon non-konfòmite oswa rezilyasyon ki baze sou bebisit ki pa otorize oswa swen timoun, omisyon EOHLC pou apwouve demann bebisit oswa swen ka revize pou rezon ki endike nan MGL c. 30A, § 14 (7), tankou, men pa sèlman, pou abi pouvwa diskresyonè.

Eksepte nan ka rezon valab, jan sa detèmine dapre estanda rezon valab yo nan 760 CMR 67.06 (6)(a)5, bebisit otorize sèlman an akò ak Règ sa a ak pou tan ki apwouve a. Nan detèmine si gen rezon valab jan yo detèmine nan 760 CMR 67.06 (6)(a)5, EOHLC pral pran an konsiderasyon tout sikonstans tankou laj timoun nan (yo) ak dire bebisit san otorizasyon an, konbyen tan bebisit fè anplis peryòd tan ki apwouve a, ak nan ki pwen bebisit san otorizasyon an menase oswa afekte sante, sekirite, ak byennèt timoun nan (yo). Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine l sou baz tout sikonstans ki enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

Yon bebisit apwouve oblije konfòme li avèk tout règ pwogram nan ak Pwogram Chèltè Inifòm nan ak règ EOHLC etabli pou otèl pandan tan li ap pran swen timoun nan (yo). Gadyen an sijè a disiplin EA nan menm limit paran timoun nan (yo) ta dwe sijè a disiplin sa a si li pa sipèvize kòmsadwa oswa asire sante ak sekirite timoun nan (yo).

Tout aranjman bebisit dwe respekte Règ kouvrefe a, sof si li apwouve otreman oswa pou rezon valab dapre kritè rezon valab yo nan 760 CMR 67.06 (6) (a) 5. Nan absans sikonstans espesyal apwouve ki dekri nan Règ sou kouvrefe ki aplikab lè paran yon timoun gen otorizasyon pou retounen apre kouvrefe, oswa rezon valab jan sa dekri anwo a, yon bebisitè pa dwe pran swen yon timoun apre kouvrefe oswa anvan 6:00 am. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine l sou baz tout sikonstans ki enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon. Apwobasyon pou bebisit apre kouvrefe oswa anvan 6 zè am yo ta dwe mande prezizeman sou fòm EOHLC estanda Akò sou Bebisit la ki endike poukisa bebisit apre kouvrefe oswa anvan 6 zè am nesesè.

3. Swen pou Timoun

Rezime



- Ou dwe pran bon swen pitit ou yo pandan w nan chèltè a.
- Ou dwe asire w pitit ou yo byen manje, dòmi ase, ak ale lekòl.
- Ou ka mande travayè ka w la pou l ede w jwenn manje ak resous lekòl si sa nesesè.

Règ Konplè sou Swen Timoun yo

Manm adilt yon fwaye EA ak tout paran adolesan yon timoun nan yon fwaye EA responsab pou asire sante, sekirite, ak byennèt tout timoun nan inite EA a (egzanp konfòmite avèk prezans nan lekòl la, asire timoun yo byen manje ak repoze). Responsablite sa a pa diminye nan okenn fason lè yon fwaye EA twouve l andeyò sit la, pa egzanp pandan yon nwit apwouve, oswa paske fwaye EA a konfòme li avèk lòt règle chèltè, tankou kouvrefe. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine l sou baz tout sikonstans ki enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

4. Timoun nan te Rete san Sipèvizyon

Rezime



Avètisman: Ou pa gen dwa kite pitit ou yo poukont yo a okenn moman. Sa vle di ou dwe ka wè oswa tande pitit ou yo tout tan. Tanpri li Seksyon 2 a: Bebisit/Swen Timoun pou aprann ki moun ki ka gade pitit ou yo, si se pa ou menm.

- Yon timoun ki gen 16 ane oswa plis ka pou kont li nan zòn komen chèltè a. Yo dwe gen apwobasyon davans dapre règle swen timoun yo pou fè sa.
- Yon timoun ki gen 16 ane oswa plis kapab tou pou kont li si yo ka jwenn paran l byen vit nan telefòn oswa an pèsòn.

Règ konplè sou Timoun ki Rete san Sipèvizyon

Timoun ki nan Fwaye EA a pa dwe rete pou kont yo epi san sipèvizyon nan chèltè oswa pwopriyete otèl la, sof si yo otorize yo bay pwòp bebisit yo dapre Règ sou Swen Bebisit, oswa vizit nan zòn komen nan limit ki otorize pa Règ sou Vizitè/Envite yo, oswa jistifye pa yon rezon valab jan sa detèmine dapre estanda rezon valab yo nan 760 CMR 67.06 (6)(a)5. Yon timoun ki otorize pou bay pwòp bebisit li dwe kouvri pa Règ sou Bebisit/Swen Timoun. Lè l ap konsidere rezon valab yon patisipan te sòlve pou kite yon timoun san sipèvizyon, EOHLC pral pran an konsiderasyon tout sikonstans tankou laj timoun nan (yo) ak kantite tan timoun nan (yo) san sipèvizyon. Si li pa yon vyolasyon repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim*



(minè), jan yo detèmine sou baz tout sikonstans ki enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

5. Kouvrefe

Rezime

- Ou dwe retounen nan chèltè oswa otèl ou anvan lè ki fikse pou kouvrefe a. Ou ka jwenn eskiz si w pa respekte kouvrefe sèlman pou rezon valab ki defini pa règ yo oswa lalwa. Egzanp rezon valab yo se si ou gen yon ijans sante, w ap travay, oswa ou pa gen transpò pou retounen nan chèltè a.
- Chèltè yo ka mande pou w rete nan chanm ou apre yon sèten lè. Chèltè yo ka mande pou w rete nan chanm ou jiska 6:00 am nan demen maten.
- Ou ka fè chanje lè kouvrefe yo si ou bezwen li akòz travay ou oswa orè lekòl ou. Ka gen lòt rezon valab ki fè nou chanje lè kouvrefe ou.
- Si ou bezwen chanje lè kouvrefe ou, ou dwe pale ak anplwaye chèltè oswa otèl la. Ou dwe swiv règ yo pou « tan trankil » ki kòmanse inèdtan anvan kouvrefe.

Règ Konplè sou Kouvrefe

Fwaye EA a dwe respekte tout kouvrefe chèltè a oswa otèl la enpoze, nan ka sa a kouvrefe pou rive nan lokal yo pa dwe pi bonè pase 9:00pm nan jou lasemèn (dimanch – jedi swa) ak 11:00pm nan wikenn (vandredi ak samdi aswè) epi li pa dwe pita pase 11:00pm (dimanch – jedi swa) ak 1:00am (vandredi ak samdi swa). Chèltè yo pa oblije chanje pwogram yo oswa orè repa yo akòz kouvrefe yo.

Yon chèltè oswa yon otèl ka enpoze yon tan trankil pou kòmanse pa plis pase inèdtan anvan lè kouvrefe a. Yon chèltè oswa yon otèl ka enpoze yon kouvrefe nan chanm pou manm fwaye EA yo rete nan chanm yo asiyen yo, pou kòmanse inèdtan apre kouvrefe a pou rive nan lokal yo. Eksepsyon pou kouvrefe nan chanm nan dwe fèt pou bezwen rezonab sante, sekirite, ak byennèt sosyal, si patisipan EA a bay yon rezon valab pou chèltè oswa anplwaye otèl pou reponn a bezwen sa yo apre lè kouvrefe nan chanm nan, ki dwe gen ladan soti nan travay oswa lekòl anreta.

Kouvrefe nan chanm dwe fini pa pita pase 6:00am.

Tout kouvrefe dwe ajiste sou yon baz ka-pa-ka pou travay oswa orè lekòl Fwaye EA, pou lòt obligasyon plan relojman, ak pou akomode andikap oswa lòt rezon valab jan 760 CMR 67.06 (6)(a)5 detèmine sa.

Eksepsyon espesyal nan egzijans kouvrefe yo ka otorize pa anplwaye chèltè oswa otèl oswa pa moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a sou yon baz ka-pa-ka, pou rezon valab sèlman, tankou espò pwograme, lekòl, legliz, randevou medikal, ak aktivite kominotè oswa lòt rezon valab menm jan an.

Yo ka adrese demann yon ajisteman nan kouvrefe swa a anplwaye chèltè a oswa a moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a, enfòmasyon kontak yo dwe disponib nan chak chèltè ak otèl. Si yo fè yon demann pou ajisteman kouvrefe a de jou ouvrab anvan dat ajisteman an nesèsè pou li a, y ap konsidere demann lan apwouve sof si yo refize li ekspresman.

Respè lè kouvrefe yo pa dechaje manm Fwaye EA yo de responsablite pou ranpli devwa chèltè yo epi asire sante, sekirite, ak byennèt timoun yo nan Fwaye EA a.

Rive an reta pou kouvrefe san otorizasyon davans ka jistifye pa yon rezon valab jan yo detèmine l dapre estanda rezon valab yo nan 760 CMR 67.06(6)(a)5. Lè l ap konsidere rezon valab yon patisipan te bay pou rive an reta pou kouvrefe a, EOHLC pral pran an konsiderasyon tout sikonstans yo, tankou kantite reta, tout rapò pèsònèl sou reta kòm yon endikasyon responsablite, ak efè aktyèl oswa potansyèl retou an reta sou sante, sekirite, ak byennèt timoun nan (yo). Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine sou baz tout sikonstans enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

6. Domaj nan Pwopriyete ak Depans

Rezime

- Ou pa dwe domaje pwopriyete chèltè a oswa otèl la.
- Si ou domaje oswa retire pwopriyete chèltè oswa otèl la, ou ka oblije peye pou domaj la.
- Ou dwe peye tou pou depans ki pa kouvri nan pwogram chèltè EA a. Sa ka gen ladan itilize yon telefòn otèl la oswa lokasyon fim. Chèltè a oswa otèl la ap ba ou yon lis depans sa yo lè w enstale nan chèltè a.
 - Ou ka fè yon plan rezonab avèk nou pou peye pou tout domaj oswa depans. Si w fè tout peman w yo atan, y ap trete w kòm si w pa t vyole règ sa a.
- Nou espere chèltè yo pral sibi yon epuizman rezonab avèk ou menm k ap viv ladan. Nou pa pral fè ou peye pou epuizman rezonab ki te koze pa ou menm k ap viv nan chèltè a.

Règ konplè sou Domaj nan Pwopriyete ak Depans yo

Manm Fwaye EA yo pa ka domaje pwopriyete chèltè a oswa pwopriyete otèl la oswa pran pwopriyete chèltè a oswa pwopriyete otèl la, apa pwopriyete ki la pou konsomasyon, san rezon valab jan sa detèmine dapre 760 CMR 67.06 (6) (a) 5. Epuizman nòmal pa dwe konsidere kòm domaj. Si domaj la pa fèt entansyonèlman, avèk enpridans oswa yon fason repetitif, yon Fwaye EA ki respekte yon plan peman rezonab pou ranbouse pri ranplasman oswa reparasyon nan yon ane dwe wè non-konfòmite l la sispann jiskaske ranbousman an konplè,

depi tout peman yo fèt alè. Si ranbousman an plen fèt alè dapre plan ranbousman an, yo dwe anile non-konfòmite a.

Fwaye EA a dwe peye tout depans pou atik adisyonèl ki disponib epi ki pa enkli nan avantaj estanda pou chèltè a oswa otèl la. Sa ka gen ladan apèl nan telefòn ki soti nan chèltè oswa liy otèl oswa lokasyon fim. Yo pa dwe faktire rezidan EA yo pou apèl nan telefòn oswa lòt depans nan yon otèl si yo pa ta faktire yon envite ki peye tèt li pou sèvis sa yo. Chèltè a oswa otèl la pral di Fwaye EA a davans alekri ki aktivite ki pral antrene chay yo. Otèl ak chèltè yo pral pèmèt yon fwaye EA ki pa gen aksè a yon telefòn selilè sèvi ak yon telefòn biwo oswa lòt telefòn deziyen san frè pou fè apèl telefòn nan ka ijans oswa lòt sikonstans konvenkan, tankou kontakte yon travayè ki resikle oswa mande konsènan otorizasyon pou nwit siplemantè oswa bebisit.

Si pa gen rezon valab jan sa endike nan 760 CMR 67.06 (6)(a) 5, Fwaye EA a dwe peye pou tout pwopriyete chèltè oswa pwopriyete otèl ki manke nan yon inite akòz konduit Fwaye EA a oswa tout domaj ki fèt pa yon manm nan yon Fwaye EA oswa envite li yo ki depase epuizman nòmal. Sa ka gen ladan depans netwayaj siplemantè si yo kite yon inite nan yon kondisyon patikilyèman sal oswa ki pa ijyenik. Peman yo dwe fèt nan yon tan rezonab apre yo fin enfòm Fwaye EA a sou fakti a pou depans sa yo, men nenpòt plan ranbousman dwe rezonab an konsiderasyon revni ak depans fwaye a ki disponib epi yo dwe enkòpore nan plan relojman manm adilt yo nan Fwaye EA a. Frè konteste ak karaktè rezonab tout plan ranbousman yo sijè a apèl nan Divizyon Odyans EOHLC nan yon kontèks yon apèl administratif pou non-konfòmite oswa rezilyasyon pou yon vyolasyon règ. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan li detèmine sou baz tout sikonstans ki enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

7. Egzijans EOHLC Tankou Randevou Obligatwa yo

Rezime

- Nou pral di w ki lè pou w rive nan plasman chèltè w la. Ou dwe rive nan lè nou di w la. Nou ka ba ou transpò pou ale nan chèltè w la si ou bezwen sa.
- Ou dwe asiste tout reyinyon yo mande w pou w asiste yo. Anplwaye yo dwe ba ou enfòmasyon kontak yo. Si ou bezwen chanje yon randevou, ou dwe pale ak anplwaye yo sou yon nouvo lè pou reyinyon an.
- Ou dwe konfòme w ak plan relojman w lan.

Règ Konplè sou Egzijans EOHLC yo Tankou Randevou obligatwa yo

Fwaye EA a dwe respekte tout egzijans EOHLC ki aplikab yo, tankou sa ki nan lis nan plan relojman an (sètadi ekonomi, rechèch lojman, rechèch travay), oswa, nan absans yon plan relojman, egzijans minimòm yon plan relojman jan sa endike nan 760 CMR 67.06 (4)(b) apre avi oral ak alekri yo bay manm adilt yo nan Fwaye EA a konsènan sa egzijans sa yo ye ak kijan yo ta dwe satisfè pa Fwaye EA a.



Yon fwaye EA espere patisipe nan tout reyinyon anplwaye chèltè yo, anplwaye EOHLC yo, ak kontraktè EOHLC yo ki bay sèvis byennèt sosyal a patisipan EA yo. Yo ta dwe bay Fwaye Ea yon avi ekri omwen de jou ouvrab sof si reyinyon sa a fè pati yon seri reyinyon regilyèman pwograme ki kouvri pa yon sèl avi, nan ka sa a avi de jou ouvrab premye reyinyon an sifi. Avi alekri a pral bay yon nimewo telefòn ak faks kote patisipan EA a ka kontakte moun k ap mande reyinyon an nan ka ijans oswa lòt rezon valab. Yon patisipan ki rele, voye mesaj tèks oswa voye yon faks epi ki mande pou li pran randevou ankò omwen de zè de tan anvan reyinyon an, a kondisyon yo te bay patisipan an nimewo telefòn travayè sosyal ki konsène a, yo pa dwe jwenn li an vyolasyon Règ sa a oswa an vyolasyon Règleman ki gouvènè koperasyon ak plan relokasyon yo. Si anplwaye a oswa founisè ki pwograme reyinyon an gen plis pase 15 minit reta, yo pa dwe jwenn patisipan an an vyolasyon Règ sa a oswa 760 CMR 67.06 (5)(a)3 paske li pa rete.

Yo atann pou yon Fwaye EA rive nan yon lè rezonab nan chèltè a oswa otèl nan jou yo mete Fwaye EA a. Si Fwaye EA a dakò pou EOHLC transpòte li, Fwaye EA a dwe rapòte lè ak ki kote yo mande l pou jwenn transpò eksepte pou yon rezon valab. Si Fwaye EA a mande pou yo rive nan plasman an pa pwòp mwayen transpò yo, yo dwe rive pa pita pase 8 pm nan yon chèltè kolektif oswa otèl san otorizasyon moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a, epi yo pa dwe rive pita pase 5 è pm nan biwo founisè chèltè a pou yon inite sit dispèse si yo ba yo plasman an anvan 2:00 pm, sof si founisè chèltè a enfòm yo sou yon lè oswa kote diferan pou rezon valab. Si Fwaye EA a pa rive nan chèltè a oswa otèl la alè san rezon valab oswa otorizasyon, yo ka anile chanm nan. Avi plasman yo dwe bay yon nimewo kontak k ap travay nan chèltè a oswa otèl la oswa nan EOHLC yon fwaye ka rele pou rapòte bezwen pou rive nan yon lè ki pi ta pou rezon valab.

Yo atann pou Fwaye EA ki plase nan otèl yo rele otèl la oswa prezante an pèsòn nan resepsyon an a 1 pm chak apremidi pou chèche konnen si fanmi EA a pral deplase ale nan yon chèltè oswa pou kite yon nimewo telefòn nan otèl la kote yo ka kontakte Fwaye EA a pou yo enfòm yo sou nenpòt transfè.

Yo pral detèmine rezon valab pou pa respekte Règ sa a depann de estanda rezon valab nan 760 CMR 67.06(6)(a)5. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine l sou baz tout sikonstans enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

8. Twoub Jwisans Pezib

Rezime

- Ou pa dwe twouble gravman lòt moun k ap viv nan bilding kote w rete a.

Règ Konplè sou Twoub Jwisans Pezib

Manm Fwaye EA yo pa dwe angaje yo nan konduit ki pa rezonab ki gen efè ki twouble gravman ak materyèlman jwisans pezib lòt patisipan EA yo, lòt rezidan nan bilding inite sit dispèse yo, oswa lòt envite otèl la san rezon valab jan sa detèmine dapre 760 CMR 67.06 (6) (a) 5. Konduit ki konsidere kòm rezonab pa dwe gen ladan aktivite nan lavi chak jou, tankou ri, kriye, pale, koute televizyon, radyo, oswa mizik, pale nan telefòn, timoun ki angaje nan aktivite jwèt òdinè, oswa fè lesiv pandan èdtan rezonab (si yo afiche), sof si konduit la kontinye angaje nan yon nivo volim eksepsyonèl apre avi klè konpòtman sa a twouble yon lòt fanmi



EA, rezidan, oswa envite. Yon twoub grav ak materyèl jwisans pezig pa dwe gen ladan anmèdeman ki nan nati yon anviwònman vi kolektif. Disponiblite espas pou jwe nan oswa tou pre yon plasman dwe konsidere nan detèmine si wi ou non yo pral trete konpòtman yon timoun kòm yon twoub jwisans pezig.

9. Tès Dwòg

Rezime

- Chèltè a dwe gen yon rezon espesifik pou yo panse w ap itilize dwòg.
- Ou dwe fè yon tès dwòg si chèltè a peye pou tès la epi li te fè sa ki pi wo a.

Règ Konplè sou Tès Dwòg

Tès depistaj dwòg, tankou tès pipi ak tès san ak tès alkòl nan respirasyon, pa dwe fèt owaza oswa nan tout nivo; sepandan, Fwaye EA a dwe konfòme li avèk nenpòt demann anplwaye pou tès dwòg ki fèt apre anplwaye yo te fòme yon soupson endividyalye ak rezonab yon manm Fwaye EA ap abize sibstans kontwole yo. Tès sa yo dwe fèt nan depans chèltè a.

10. Sekirite kont Dife ak Fimen

Rezime

- Ou pa dwe fimen andedan an.
- Ou dwe fimen sèlman nan zòn fimen yo deziyen an deyò chèltè a oswa otèl la.
- Ou pa dwe itilize bouji, lansan, oswa ekipman pou kwit manje andedan chanm chèltè w la.
- Ou ka mande pèmisyon pou itilize bagay sa yo nan chanm chèltè w la. Anplwaye chèltè yo dwe apwouve demann ou an anvan ou ka itilize bagay sa yo.
- Chèltè w la ka bay yon espas ak ekipman pou ou kwit manje.

Règ konplè sou Sekirite kont Dife ak Fimen

Li entèdi pou fimen andedan yon inite chèltè oswa bilding.

Li entèdi pou retire detektè lafimen oswa monoksid kabòn, oswa batri ki andedan yo.

Chèlètè yo dwe deziyen ak enfòm rezidan yo nan zòn deyò ki pa fèmen (yo) kote yo ka fimen. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine sou baz tout sikonstans ki enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

Tout manm kay EA yo dwe kenbe zòn kote y ap viv yo san danje dife. Apa de fimen nan zòn ki deziyen deyò, itilize flanm dife oswa materyèl ki ka pran dife, tankou men pa sèlman briq, alimèt, bouji, lanson, peta, gaz oswa griy chabon, li entèdi tout kote sou pwopriyete chèlètè a, eksepte avèk konsantman eksprès anplwaye chèlètè a (egzanp bouji pou fèt anivèsè nesans, babekyou deyò chèlètè a bay, alimaj rechwa a lè pilòt yo etenn.)

Nan chèlètè yo, plak pou chofe ak lòt aparèy pou kwit manje yo otorize sèlman nan kwizin oswa zòn pou kwit manje ki deziyen nan chèlètè a avèk pèmisyon chèlètè a. Nan otèl, plak pou chofe ak lòt aparèy pou kwit manje yo entèdi sof si otèl la founi yo. Yo ka sezi plak pou chofe ak lòt aparèy pou kwit manje yo jwenn nan yon plasman ki kontrè ak Règ sa a, men sa yo ka baz disiplin sèlman si gen prèv aparèy la te sèvi nan otèl la.

11. Langaj Agresif oswa Menasan

Rezime

- Ou pa dwe agrese oswa menase vèbalman okenn moun nan chèlètè a.

Règ Konplè sou Langaj Agresif oswa Menasan

Okenn manm yon Fwaye EA pa ka (1) agrese vèbalman oswa (2) itilize langaj menasan anvè lòt rezidan oswa envite, founisè sèvis, oswa EOHLC, otèl, oswa anplwaye chèlètè. Yo ka jwenn rezon valab pou vyolasyon Règ sa a egziste si yon manm yon Fwaye EA te reponn pwopòsyonèlman a pwovokasyon ki pa jistifye pa anplwaye chèlètè a oswa otèl la.

12. Aktivite Ilegal

Rezime

- Ou pa dwe komèt okenn krim nan oswa tou pre otèl la oswa chèlètè a.

Règ Konplè sou Aktivite Ilegal

Nenpòt aktivite ki ilegal dapre lwa lokal, etatik, oswa federal entèdi sou oswa nan vwazinaj imedya pwopriyete chèlètè a.



13. Pwoblèm Jiridik

Rezime

- Ou dwe ba nou kèk enfòmasyon sou tout dosye ki gen rapò ak lajistis ou te enplike ladan l.
 - Sa gen ladan l, lòd restriksyon ak manda arestasyon. Plan relojman w lan dwe gen ladan yon fason pou rezoud tout kesyon ki gen rapò ak lajistis yo lè sa nesesè.
 - Si EOHLC fè w konnen ou gen yon manda pou w pase devan tribinal oubyen yon manda arestasyon, ou dwe fè sa nan 5 jou ouvrab
 - Si ou pa fè sa a, ou pap kalifye pou antre oubyen rete nanabri a

Règ konplè sou pwoblèm legal yo

Règleman EOHLC yo fè konnen, yon moun pap kalifye nan EA, si li te gen yon manda arestasyon oubyen yon manda arestasyon annatant tribinal Commonwealth la voye dèyè l epi li pat regle sa a nan 5 jou ouvrab apre notifikasyon EOHLC a.

Fason pou rezoud pwoblèm legal yo dwe nan plan pou relojman an. Sou baz egzijans sa a,abri EA ap bay pèsònèlabri a ak pèsònèl EOHLC kèk enfòmasyon sou manda yo, lòd restriksyon - pou yon moun ki pleyan an oswa akize a - ak nenpòt lòt lòd tribinal la oubyen kesyon legal li gen sou do l tankou pwobasyon, timoun. Obligasyon alimantè yo oubyen aparasyon nan tribinal.

14. Lannwit

Rezime

- Chak manm fanmi w dwe dòmi nan chèltè w chak swa.
- Pou dòmi lwen chèltè a, ou dwe mande anplwaye chèltè a oswa otèl la pèmision.
- Gen yon fòm ou dwe ranpli pou fè demann sa yo. Fòm sa yo disponib nan chèltè a oswa nan resepsyon otèl la.



- Fanmi ou twouve li deyò plasman EA a pandan jiska kat nwit pa mwa. Ou dwe jwenn pèmisyon pou chak nuit ou pase deyò. Ou ta dwe mande apwobasyon omwen de jou lasemèn davans. Si ou pa resevwa repons nou nan lespas 2 jou lasemèn, demann ou an apwouve.
 - Ou dwe toujou mande apwobasyon menm si ou pa ka fè sa de jou lasemèn davans. Ou dwe eksplike poukisa ou pa t kapab fè demann lan pi bonè.
 - Demann anreta yo ka pa apwouve anvan ou vle pran nwit ou a. Si ou pran nwit lan san ou pa jwenn apwobasyon an dabò, ou ka jwenn yon non-konfòmite.
- Si ou vyole yon règ, oswa ou pa swiv plan relojman w lan, nou ka refize ou nwit yo.
- Si ou ale pou de nwit oswa plis youn apre lòt san apwobasyon, ou dwe rele oswa voye yon bay imèl chèltè a. Ou dwe eksplike poukisa ou ale.
- Si ou ale pou de nwit oswa plis youn apre lòt san ou pa kontakte chèltè a, yo pral bloke w deyò.
- Si fanmi ou bezwen kite a chèltè pou 5 nwit oswa plis, ou dwe mande yon TESI. Gen yon fòm ou dwe ranpli epi anplwaye yo ka ede w soumèt li.

Règ Konplè Nwit yo

Yo atann pou fwaye EA yo rete nan chèltè a oswa otèl sanzabri a chak swa sof si yo otorize yon nwit oswa si gen yon rezon valab. Fwaye EA yo ka pran yon total kat nwit otorize (nwit) deyò yon chèltè soswa otèl sanzabri a chak swa, kòm yon fwaye antye. Manm endividyèl nan fwaye a ka pran tou nwit lwen plasman jan sa detaye anba a.

Nan yon chèltè kolektif oswa dispèse, yon demann yon fwaye EA pou yon nwit lwen chèltè sanzabri a, swa pou tout fwaye a oswa yon manm fwaye endividyèl, ta dwe adrese a anplwaye chèltè pou sanzabri a. Nan yon otèl, yon demann pou yon nwit ki fèt pa yon Fwaye EA oswa yon manm fwaye endividyèl ta dwe fèt atravè anplwaye otèl la a moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a sou yon fòm estanda EOHLC. Anplwaye otèl yo dwe voye demann sa a bay moun ki deziyen an san pèdi tan epi bay konfimasyon ke yo te fè sa bay fwaye EA a. Enfòmasyon sou moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a ak fason pou kontakte li dwe disponib pou tout patisipan yo nan resepsyon chak otèl. Yon fwaye EA nan yon otèl ki pa pran plis pase 4 nwit pa mwa apre li te mande otorizasyon omwen de jou ouvab davans, oswa pita pou rezon valab lè bezwen pou nwit lan te prezante pita, pa dwe twouve l an vyolasyon règ sa a sof si fwaye a te resevwa avi nan men moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a anvan li te pran nwit yo te refize demann pou li a.

Demann pou nwit siplemantè bezwen an prezante lè Fwaye EA a lwen otèl la oswa chèltè a ka fèt lè yo rele anplwaye chèltè a oswa anplwaye otèl la epi bay yon eksplikasyon alekri san pèdi tan lè yo retounen epi



eksplike poukisa yo pa t ka fè demann lan pi bonè. Nan ka sa yo, anplwaye otèl yo pral san pèdi tan voye yon demann alekri bay pèsonèl apwopriye EOHLC nan non Fwaye EA a.

Yon demann pou nwit ta dwe fèt omwen de jou ouvrab anvan nwit yo mande a. Y ap konsidere yon demann ki fèt men ki pa jwenn repons nan lespas 2 jou ouvrab apwouve. Yon demann pou nwit ki fèt pou rezon valab avèk avi mwens pase de jou ouvrab ta dwe gen ladan rezon ki fè demann nwit lan pa te fèt omwen de jou davans epi yo ka refize demann lan nan lespas de jou ouvrab nan dat demann lan. Patisipan ki kontinye avèk yon nwit san apwobasyon eksprès davans pou fè sa avèk konpreyansyon nwit la ka pa apwouve. Lè y ap konsidere demann nwit yo, tankou ka sa yo apre egzamen fè yo, yo p ap refize apwobasyon san deklare rezon valab yo. Pral gen yon sipozisyon pou apwobasyon pou jiska kat nwit pa mwa jan Règ sa yo pèmèt sa. Nan kad yon apèl administratif pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon ki baze sou nwit ki pa otorize, omisyon EOHLC pou apwouve demann nwit oswa swen timoun ka revize pou rezon ki endike nan MGL c. 30A, § 14 (7), tankou, men pa sèlman, pou abi pouvwa diskresyonè.

Yo pa otorize absans manm fwaye endividyèl EA yo nan yon chèltè oswa otèl sanzabri a pou plis pase 2 nwit youn apre lòt, eksepte lè EOHLC pèmèt sa klèman pou rezon valab (egzanp, timoun ki ale nan kan ete, akò pou gad, entèn lopital) oswa pou rezon valab jan yo detèmine dapre estand rezon valab yo nan 760 CMR 67.06 (6)(a)5. Nan yon chèltè, yo ta dwe fè demann sa yo bay moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a atravè anplwaye chèltè a sou yon fòm estanda EOHLC. Nan yon otèl, demann sa yo ta dwe adrese swa dirèkteman a moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a oswa atravè anplwaye otèl la sou yon fòm estanda EOHLC. Y ap konsidere yon demann ki fèt men ki pa jwenn repons nan lespas 2 jou ouvrab apwouve. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine sou baz tout sikonstans enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

Nan kad yon apèl administratif pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon ki baze sou nwit ki pa otorize, omisyon EOHLC pou apwouve demann nwit oswa swen timoun ka revize pou rezon ki endike nan MGL c. 30A, § 14 (7), tankou, men pa sèlman, pou abi pouvwa diskresyonè.

Chèltè sit kolektif oswa dispèse yo ka anpeche apwobasyon nwit sipleman tè akòz omisyon Fwaye EA a pou respekte règ ak egzijans pwogram nan.

Demann yon fwaye antye pou senk nwit oswa plis youn apre lòt ta dwe fèt sou Fòm TESI-1.

Tout demann EOHLC pou nwit sipleman tè dapre règ sa a ta dwe adrese a moun ki deziyen pa Sou-Sekretè ki aplikab la. Anplwaye otèl yo ta dwe ede fanmi yo voye demann sa yo bay moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a epi enfòmasyon kontak pou moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a dwe disponib nan resepsyon chak otèl.

Nwit san otorizasyon pa dwe fòmè baz pou yon vyolasyon règ, non-konfòmite oswa rezilyasyon si te gen rezon valab pou absans la dapre estanda rezon valab yo 760 CMR 67.06(6)(a)5. Lè y ap konsidere rezon valab yon patisipan te sòlve pou yon nwit san otorizasyon, EOHLC pral pran an konsiderasyon tout sikonstans yo, tankou efò dokimante pou jwenn apwobasyon pou yon nwit, ak kantite nwit sipleman tè pandan peryòd tan ki konsène a.

Yon fanmi pa pral fèmen nan yon otèl oswa chèltè pou prezime abandon sof si tout fanmi an absan pou omwen 48 èdtan ak de nwit youn apre lòt epi li pa te rele otèl la oswa chèltè a oswa moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a anvan kouvrefe nan jou apre absans lan te kòmanse eksplike rezon valab pou absans pi long pase de nwit youn apre lòt. EOHLC ka mande verifikasyon ki fèt alè pou tout rezon valab yo deklare epi bay yon avi rezilyasyon si verifikasyon an pa bay alè. Nan ka kote yon inite pa disponib ankò pou yon fwaye EA akòz nwit san otorizasyon, si patisipan an retounen nan plasman an epi chèche pou re-antre, chèltè a oswa direksyon otèl la pral enfòmè patisipan an sou posibilite pou jwenn yon nouvo plasman annatandan apèl administratif dapre



760 CMR 67.09 (2) (b) 3. lè li retounen nan yon biwo EOHLC pandan lè ouvèti yo. Nan ka sa yo, chèltè a oswa direksyon otèl la dwe avize EOHLC sou dat ak lè patisipan an te retounen.

15. Afè Pèsonèl ak Pwòpte nan Chanm nan

Rezime

- Ou ka sèlman pote rad, atik twalèt, medikaman, ak lòt ti atik avèk ou nan chèltè a.
- **Chak moun** nan fanmi w ka pote sèlman de gwo sak (30 galon). Si ou vini nan yon chèltè ki gen plis bagay, ou gen 7 jou pou deplase atik siplemantè ou yo, si ou gen yon rezon valab pou bagay siplemantè yo. Nou ka ba w konsèy sou ki kote pou w sere bagay siplemantè yo.
- Ou dwe kenbe chanm ou pwòp e byen ranje.
- Nou pral enspekte chanm ou pou asire li pwòp. Ou pral resevwa avi 24 èdtan sou tip enspeksyon sa a.
- Nou ka pa ba w yon non-konfòmite si w gen yon rezon valab ki fè chanm ou pa pwòp. Pa egzanp, si ou malad, oswa w ap fè lesiv, oswa anbale ak debale lè nou enspekte chanm ou. Ou dwe di anplwaye chèltè yo si ou gen rezon valab pou chanm ou an pa pwòp.
- Si ou demenaje soti nan chèltè a, oswa kite pou plis pase 48 èdtan san apwobasyon, ou dwe pran afè w yo. Si apre 48 èdtan, bagay ou yo rete nan chanm nan, nou pral voye yo deyò.

Afè Pèsonèl ak Pwòpte nan Chanm nan

Yon fwaye EA pa ka pote plis pase ekivalan de sak (30 galon) ki plen afè pèsonèl pou chak moun ki avèk yo nan chèltè a, tankou anviwònman sit dispèse ak anviwònman otèl. Fanmi ki rive ak plis pase kantite bagay ki otorize yo, jiska yon gwo sak (30 galon) anplis pou chak moun, epi yo pa gen yon kote disponib tousuit pou estoke bagay ki anplis yo pral jwenn konsèy sou opsyon estokaj posib epi sèt jou kalandriye, oswa pou yon rezon valab jan yo detèmine nan 760 CMR 67. 06(6)(a)5 ak lè yo resevwa pèmasyon eksprès alekri moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a, yon peryòd tan rezonab ki pi long (pandan y ap pran an konsiderasyon tout sikonstans yo) pou retire bagay ki twòp yo. Si yon otèl oswa chèltè pa bay ase inite pou estoke kantite volim afè pèsonèl ki otorize, Fwaye a ka bay pwòp inite estokaj li (yo) sou otorizasyon alekri moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a.

Estokaj afè oswa atik pèsonèl, tankou inite estokaj ak afè pèsonèl ki twòp pandan premye sèt jou yo nan chèltè, depann de konfòmite ak tout Kòd Sanitè ak Ponpye etatik ak lokal ki aplikab yo. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan li detèmine sou baz tout sikonstans ki enpòtan yo, tankou lè, kote, laj timoun nan ak risk pou timoun nan, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.



Patisipan yo dwe kenbe chanm yo pwòp, ijyenik, ak byen ranje, men yo pa pral site yon Fwaye EA pou vyolasyon Règ sa a si yo pa fè enspeksyon dapre Règ sou Aksè a oswa si Fwaye a gen rezon valab nan jou enspeksyon an jan 760 CMR 67.06 (6)(a)5 detèmine sa, oswa si yon manm fanmi an malad, nan pwosesis pou fè oswa ap prepare pou fè lesiv, oswa anbale oswa debale afè yo.

Fwaye EA a responsab pou retire tout afè yo lè li soti nan chèltè a.

Fwaye EA ki ap transfere oswa deplase soti nan chèltè a oswa inite otèl la ka kite nan chèltè a oswa otèl la, tout opilis, kèk atik pèsònèl enpòtan, ki byen anbale, ki ka estoke fasilman nan yon ti zòn andeyò espas lojman an pou tann retou san pèdi tan Fwaye EA a pou deplase atik yo ale nan pwochen rezidans yo.

Apre yon fwaye EA fin kite inite a, tout atik yo pa retire nan espas sit kolektif oswa dispèse pral mete nan sak epi kenbe pandan 48 èdtan anvan yo fè kado oswa jete yo. Chèltè ak otèl yo ka kenbe atik pandan plis pase 48 èdtan nan diskresyon yo oswa sou akò ak Fwaye EA a.

16. Bèt Kay:

Rezime

- Ou pa dwe pote okenn bèt kay oswa bèt nan chèltè a nan okenn moman, eksepte pou bèt EOHLC apwouve pou ede avèk yon andikap.

Règ Konplè sou Bèt Kay

Bèt kay oswa bèt nenpòt kalite yo pa gen dwa sou pwopriyete chèltè a nan okenn moman, eksepte pou bèt sèvis dokimante ak lòt bèt ki otorize dapre Lwa sou Ameriken ki Andikape yo. Entèdiksyon sa a gen ladan swen tanporè ak/oswa vizit bèt kay. Yo p ap site yon fanmi pou vyolasyon règ sa a sof si epi jiskaske yon ankèt apwopriye pou konnen si bèt la se yon bèt ki otorize kòm yon aranjman pou andikap. Lè yo detèmine ke yo pa pèmèt yon bèt kòm yon aranjman, EOHLC pral bay yon lis òganizasyon sovtaaj bèt lokal yo ak chèltè « pa touye » kote yon fanmi ta ka ebèje bèt kay la pandan plasman chèltè oswa pran bèt kay la pou adopsyon.

17. Medikaman sou Preskripsyon

Rezime

- Ou dwe asire w medikaman sou preskripsyon yo estoke san danje.
- Medikaman yo dwe kote pitit ou yo ak lòt moun pa ka rive ladan yo. Ou pa dwe pataje medikaman ak lòt moun nan chèltè a.
- **Nan yon chèltè:**



- Anplwaye chèltè yo ka ede w jwenn yon kote ki an sekirite pou kenbe medikaman w yo.
- **Nan yon otèl:**
 - Ou ka mande otèl la alekri yon kòfre-fò ki ka fèmen. Si yo pa ka ba w yon kòfre-fò, fè tout sa w kapab pou w jwenn yon kote ki an sekirite pou w kenbe medikaman.

Règ konplè sou Medikaman sou Preskripsyon

Fwaye EA a responsab pou estokaj ak administrasyon medikaman preskri yo, depann de rezon valab jan yo detèmine dapre kritè rezon valab yo nan 760 CMR 67.06(6)(a)5.

Si yon sekirite k ap travay disponib nan yon chanm kay EA nan yon otèl pou estoke medikaman sou preskripsyon, Fwaye EA a dwe estoke medikaman sa yo nan kòfre-fò a. Si pa gen okenn kòfre-fò ki fonksyone nan chanm Fwaye EA a ki disponib, manm fwaye adilt la dwe fè tout efò posib pou asire timoun pa ka rive nan medikaman sou preskripsyon yo. Nan chèltè yo, si pa gen yon zòn ki san danje ak an sekirite, ki pa aksesib pou timoun yo, epi ki lwen likid netwayaj ak sibstans toksik, Fwaye EA a ka mande asistans anplwaye chèltè espas sit kolektif ak dispèse pou estokaj san danje epi an sekirite.

Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan li detèmine sou baz tout sikonstans enpòtan yo, tankou lè oswa kote pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

✖ 18. Agresyon Seksyèl

Rezime

- Ou pa dwe agrese seksyèlman okenn moun ki nan oswa sou pwopriyete kote w rete a.

Règ Konplè sou Agresyon Seksyèl

Li entèdi pou fè agresyon seksyèl sou moun ki sou pwopriyete chèltè a, tankou lòt rezidan, envite, founisè sèvis, oswa anplwaye chèltè.



19. Abi Sibstans

Rezime

- Ou pa dwe gen oswa itilize alkòl oswa okenn dwòg sou oswa nan pwopriyete kote w rete a.
 - Menm yon boutèy alkòl ki se yon vyolasyon règ yo.
- Ou pa dwe abize dwòg oswa alkòl lè w pa nan chèltè a.

Règ Konplè sou Abi Sibstans

Itilizasyon oswa posesyon alkòl oswa nenpòt sibstans kontwole entèdi sou pwopriyete chèltè a.

Abi alkòl oswa sibstans kontwole andeyò pwogram nan, nan limit li lakòz konpòtman ki entèfere ak plan relojman yon manm Fwaye EA a, menase sante oswa sekirite nenpòt moun ki sou pwopriyete chèltè a, oswa kreye yon deranjman nan jesyon chèltè a, entèdi.

Yo pral konsidere move itilizasyon medikaman sou preskripsyon kòm abi sibstans.

20. Konpòtman Vyolan ak Maltretans ak Neglijans Anvè Timoun

Rezime

- Ou pa dwe vyolan anvè lòt moun pandan w nan chèltè a.
- Si w vyolan anvè lòt moun, y ap mande w pou w kite chèltè a.
- Ou pa dwe vyolan anvè moun nan fanmi w, tankou timoun yo.
- Menm si timoun yo konpòte yo mal, ou pa dwe frape yo.
- Si nou okouran oswa konstate ou vyolan anvè yon timoun, nou ka rapòte ou bay sèvis pwoteksyon timoun (DCF).

Konpòtman Vyolan ak Maltretans ak Neglijans Anvè Timoun

Konpòtman ki reprezante yon menas pou sante ak sekirite w, manm Fwaye EA a, lòt rezidan, envite, founisè sèvis, oswa anplwaye EOHLIC, otèl, oswa anplwaye chèltè yo entèdi. Sa gen ladan zak vyolans fizik ak seksyèl, konpòtman menasan, oswa entimidasyon.

Yo p ap tolere okenn fòm maltretans sou timoun oswa disiplin fizik sou pwopriyete chèltè a. Anplwaye chèltè yo, anplwaye EOHLIC yo ak lòt founisè sèvis yo dwe rapòte tout ensidan maltretans ak neglijans anvè timoun yo bay Depatman Timoun ak Fanmi yo.



21. Vizitè/Envite

Rezime

- **Nan chèltè a:**
 - Chèltè w la ap gen pwòp lè ak règ vizit li. Ou dwe suiv règ sa yo.
- **Nan otèl la:**
 - Ou pa dwe janm gen yon vizitè deyò nan yon chanm otèl la. Anplwaye otèl ak anplwaye sèvis sosyal yo gen dwa antre nan chanm ou.
 - Moun ki soti nan yon lòt fanmi otèl la ka vizite chanm ou. Lòt timoun dwe vizite chanm ou avèk paran yo. Si ou gen vizitè ki prezan pa ka gen plis pase 6 moun nan chanm ou yon sèl kou.
- **Nan chèltè a ak otèl la:**
 - Zòn komen yo pral gen pwòp règ yo konsènan vizitè yo. Ou dwe swiv règ sa yo sou ki lè ak ki kote vizitè yo ka ye.
 - Vizitè ou yo dwe swiv tout règ chèltè yo. Si vizitè w la vyole yon règ, ou ka responsab.

Règ konplè sou Vizitè/Envite yo

Nan Chèltè yo:

Fwaye EA a ka rankontre ak vizitè yo, pou yon kantite tan rezonab ak limite, nan espas(yo) kote chèltè a jije apwopriye, (egzanp zòn kote yon moun ta rankontre ak yon founisè sèvis). Chèltè yo ka detèmine lè ki apwopriye pou vizit.

Fwaye EA a responsab pou konduit vizitè li a (yo), e se poutèt sa yo pral responsab si vizitè li a (yo) vyole yon règ oswa egzijans pwogram EA a oswa chèltè a. Yo pa otorize vizitè lannwit, eksepte jan sa prevwa nan Règ sa a. Si gen espas disponib nan yon chèltè, anplwaye chèltè a, avèk otorizasyon EOHLC, ka dakò ak vizit lannwit pa timoun rezidans prensipal yo pa nan fwaye EA a, sou prezantasyon yon akò swen timoun, yon akò oswa yon demann pa DCF, oswa yon òdonans tribinal ki adrese a yon manm granmoun Fwaye EA a.

Tout demann a EOHLC pou vizitè lannwit ta dwe adrese a moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a.

Fwaye EA a dwe bay non vizitè a omwen 24 èdtan davans sof si chèltè a jije mwens apwopriye, oswa nan ka ijans.

Vizitè granmoun yo dwe kite yon pyès idantite, epi siyen pou antre ak soti nan chèltè a. Vizitè nan inite sit dispèse yo pa bezwen bay yon pyès idantite sof si anplwaye chèltè a disponib nan lokal la; sepandan, Fwaye EA a dwe toujou anrejistre tout vizitè yo pou anplwaye chèltè a.

Chèlètè yo ka refize apwouve vizitè yo akòz Fwaye EA a ki pa respekte règ ak egzijans pwogram nan.

Nan Otèl yo:

Yo pa otorize vizitè yo nan chanm otèl yo asiye a yon fwaye EA, eksepte founisè sèvis otorize oswa manm yon lòt fwaye EA jan Règ sa a pèmèt sa. Vizitè yo otorize nan zòn komen nan otèl yo jan direksyon otèl la pèmèt sa nan menm kondisyon ki aplike pou envite otèl ki pa EEA kit otèl la gen envite sa yo kounye a kit li pa genyen. Li pa dwe yon vyolasyon règ ki entèdi vizitè oswa envite pou yon moun sèlman ede yon manm fwaye EA nan livrezon oswa retire bagay nan chanm fwaye a avèk avi pou anplwaye otèl la.

Yon fwaye EA yo mete nan yon otèl ka gen manm lòt fwaye EA yo mete nan menm otèl la kòm vizitè yo nan inite li a pou yon kantite tan rezonab ak limite, a kondisyon pa ka gen plis pase 6 patisipan EA nan yon chanm otèl nan okenn moman, eksepte nan ka kote gwosè fanmi an depase 6 moun. Lè gwosè fanmi an depase 6 manm, manm fanmi ki gen plis pase 6 moun ka nan inite a, men envite yo ka nan chanm lan sèlman si gen yon total 6 oswa mwens moun nan chanm nan moman an.

Nan absans aranjman pou bebisit otorize, timoun ki poko gen 16 ane ka vizite sèlman pandan yo akonpaye pa yon granmoun nan fwaye yo oswa lè yon granmoun nan fwaye yo a nan espas la epi san pèdi tan aksesib pa lòt fwaye EA a oswa timoun yo pa telefòn oswa pa son vwa timoun nan.

Si gen espas disponib nan yon chanm otèl, moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a ka otorize vizit lannwit pa timoun ki gen rezidans prensipal yo pa nan fwaye EA a, sou prezantasyon yon akò gad, yon akò oswa demann pa DCF, oswa yon òdonans tribinal ki adrese a yon manm granmoun fwaye EA a.

Vizitè yo dwe konplètman konfòme yo ak tout règ ak règleman pwogram EA pandan y ap vizite Fwaye EA a.

Yon timoun ki gen 16 ane oswa plis ka vizite ak manm lòt fwaye EA yo mete nan menm otèl la nan zòn komen nan otèl la ki pa akonpaye pa yon adilt si li te apwouve pou bay wen pou pwòp timoun li oswa si yon manm adilt fwaye timoun sa a prezan sou teren otèl la epi li aksesib san pèdi tan pa telefòn oswa nan son vwa timoun nan.

Manm granmoun fwaye EA a rete responsab pou pwoteje sante ak sekirite timoun nan (yo) nan fwaye yo epi yo dwe egzèse bon jijman sou lè li an sekirite pou pèmèt timoun nan (yo) vizite avèk manm lòt fwaye EA yo.

Nan otèl yo, moun ki deziyen pa Sou-Sekretè a, sou demann alekri anplwaye otèl la avèk yon kopi pou fwaye EA a, ka egzèse diskresyon rezonab pou refize vizit nan yon fwaye EA endividyèl swa kòm vizitè oswa envite, sou baz vyolasyon alavans Règ sa yo. Tout refi vizit ta dwe pou yon tan rezonab ki baze sou nati konduit la, epi li dwe gen ladan yon deklarasyon alekri sou rezon refi a. Kesyon pou konnen si egzèsis pouvwa diskresyonè sa a pou refize vizit la te egzèse yon fason rezonab ka konteste nan yon apèl administratif non-konfòmite oswa rezilyasyon ki baze sou yon vyolasyon Règ sa a.

Pèsonèl otèl la, anplwaye EOHLC yo, ak anplwaye kontraktè EOHLC yo ak lòt ajans leta k ap travay avèk EOHLC yo ka mete fen nan yon vizit si: (a) aktivite nan inite akèy la ap twouble jwisans peziyab lòt envite otèl yo oswa anplwaye otèl yo; (b) aktivite nan inite akèy la konstitye yon menas pou sante oswa sekirite moun k ap resevwa a, envite a, manm fwaye a, lòt patisipan EA yo mete nan otèl la, lòt envite otèl yo, anplwaye otèl yo, anplwaye EOHLC yo, oswa anplwaye kontraktè EOHLC yo k ap travay avèk EOHLC yo; oswa gen vyolasyon règ oswa règleman EA k ap fèt nan inite akèy la.

Vizitè yo dwe konfòme yo ak Règ sou kouvrefe lè yo kite anvan lè kouvrefe ki etabli a epi yo pa rive anvan 8 am, eksepte nan ka bebisit ki otorize oswa rezon valab dapre kritè rezon valab yo nan 760 CMR 67.06 (6)(a)5.

Rezon Valab:

Divètisman vizitè ki pa otorize yo ka jistifye pa rezon valab jan sa detèmine dapre kritè rezon valab yo nan 760 CMR 67.06 (6)(a)5. Lè y ap konsidere rezon valab ki sòlve pa yon patisipan pou amizman yon vizitè san otorizasyon, EOHLC pral pran an konsiderasyon tout sikonstans yo, tankou efò dokimante pou jwen otorizasyon pou vizitè a, ak tout bezwen pou vizitè a ede Fwaye EA a ak travay esansyèl yon manm Fwaye EA a pa ka fè poukont li. Si li pa repetitif, yon vyolasyon Règ sa a ki *gen enpòtans minim* (minè), jan yo detèmine sou baz tout sikonstans enpòtan yo, tankou lè, kote, pa pral konte pou yon non-konfòmite oswa rezilyasyon.

22. Zam

Rezime

- Ou pa dwe gen okenn zam sou oswa nan pwopriyete kote w rete a. Zam yo pa janm otorize menm si yo anrejistre legalman. Yo ka ekspilse fanmi w nan refij la si yo jwenn ou genyen yon zam nan EA Family Shelter.

Règ Konplè sou Zam yo

Posesyon oswa estokaj zam tout kalite entèdi sou pwopriyete chèlètè a. Posesyon oswa depo zam nan EA Family Shelter ap jistifye yon revokasyon.

23. Fòmilè Rekonesans pou Enfòmasyon sou dosye Delenkan Kriminèl (CORI)

Rezime

- Tout manb nan fanmi an ki gen 18 an oswa pi gran dwe siyen yon Fòmilè Rekonesans CORI. Yo ka mete yon fanmi deyò nan abri a si yo pa siyen yon Fòmilè Rekonesans CORI.

Règleman an Antye sou Fòmilè Rekonesans pou Enfòmasyon sou dosye Delenkan Kriminèl (CORI)

Tout manb nan fanmi an ki gen 18 an oswa ki pi gran dwe siyen yon Fòmilè Rekonesans CORI. Si sa ta rive ke yon manb nan fanmi an ki gen 18 an oswa pi gran, oswa ki pral gen 18 an, pa siyen yon Fòmilè Rekonesans CORI aprè plasman nan abri a, jan sa aplikab la, n ap avèti yo pou mete fanmi an deyò.

24. Enpòtan

Rezime

- Ou ta dwe eseye konfòme w ak tout règ sa yo.
- Chèlètè w la oswa otèl ou a ka ba ou plis règ. Ou dwe swiv règ sa yo tou ansanm ak sa ki nan dokiman sa a. Si oumenm oswa yon manm fanmi ou vyole yon règ, ou pral jwenn non-konfòmite. Si ou vyole règ yo twa fwa oswa plis nan sis mwa, yo ka mande w kite chèlètè a.
- Si w vyole règ yo yon fason ki grav, tankou lè w vyolan, nou ka mande w pou w kite chèlètè a. Sa vle di y ap mete fen nan chèlètè w la. Sa a se vre menm si ou pa janm te nan pwoblèm anvan.
- Ou ka fè apèl kont tout non-konfòmite oswa rezilyasyon ekri.
- Si w vyole yon règ, nou ka transfere w nan yon lòt chèlètè.
- Si w vyole yon règ, nou ka refize w kèk privilèj tankou pase nwit.
- Ou ka gen yon andikap oswa lòt rezon valab ki fè ou vyole yon règ. Ou ka mande nou pou nou reflechi sou rezon valab ki fè nou pa ta dwe sanksyone w la.

Règ Kay la

Pa gen anyen nan Règ Inifòm sa yo ki entèdi chèlètè yo oswa otèl yo adopte Règ Kay konsènan aktivite chak jou nan chèlètè a, tankou wotasyon netwayaj, aktivite kwizin, nivo bri, èdtan pou gade televizyon, kòd abiyman, èdtan lesiv, oswa egzijans pakin, toutotan Règ Kay la pa kontredi Règ Inifòm sa yo, lwa oswa règleman EA, oswa lòt egzijans legal. Vyolasyon Règ Kay swa yon chèlètè oswa yon otèl, sepandan, pa dwe trete kòm vyolasyon règ ki mennen nan yon posib konstatasyon non-konfòmite oswa mete fen nan avantaj EA dapre 760 CMR 67.06(5)(a)4. Vyolasyon Règ Kay yo ka mennen nan yon transfè, avètisman entèn, oswa pèt privilèj kay yo, tankou tan televizyon, epi vyolasyon repete ka mennen nan modifikasyon Plan Relojman yon Fwaye EA pou egziye respè Règ espesifik Kay yo. Règ Kay yo rete sijè a revizyon ak apwobasyon EOHLC.

Vyolasyon Règ Pa Konte pou Mezi Disiplinè

Jan sa endike nan plis detay nan 760 CMR 67.05 (e), prezime vyolasyon Règ yo, ak prezime omisyon pou respekte oswa kolabore nan elabore kondisyon yon plan relojman, dwe anile apre sis (6) mwa apati dat yo rive a

si, nan peryòd sis mwa a, pa gen okenn non-konfòmite oswa rezilyasyon yo te bay pou lòt vyolasyon Règ oswa egzijans plan relojman epi pa gen pa okenn konduit ki konstitye yon menas pou sante oswa sekirite oswa konduit ki jistifye rezilyasyon imedya ki te komèt epi li te lakòz yon avi non-konfòmite oswa rezilyasyon. Vyolasyon règ Ofisye Odyans EOHLC a jije ki pa t rive pandan apèl pa dwe enkli kòm vyolasyon nan avi konfòmite oswa rezilyasyon ki vin apre yo epi yo pa dwe sispann peryòd sis mwa ki endike anwo a.

Itilizasyon Fòm yo

Kowòdonatè sanzabri yo ta dwe bay fanmi EA yo yon kopi Règleman Pwogram Chèltè Inifòm ki pou avèk yo nan moman yo apwouve fanmi EA a pou plasman. Chèltè yo dwe itilize Fòm USR-1, Vyolasyon Règ Chèltè Inifòm, pou rapòte vyolasyon Règleman Chèltè Inifòm yo. Otèl yo dwe itilize fòm HM-IR1 pou rapòte vyolasyon Règ Chèltè Inifòm yo. Kantite enfraksyon yo sou fòm yo se pou konsèy sèlman epi yo pa detèmine kantite reyèl enfraksyon règ yo. Lè yon sèl ensidan enplike vyolasyon plizyè règ, anplwaye chèltè ak anplwaye otèl yo ta dwe itilize yon sèl fòm pou rapòte ensidan an epi verifye tout enfraksyon posib règ ki aplikab la sou fòm USR-1, nan yon chèltè, ak HM-IR-1, nan yon otèl.

Dispozisyon Jeneral yo

1. Kopi Règleman sa yo, Fòm ak Gid pou Swen Timoun EA yo, TESI-1 yo, Fòm Demann ADA pou Aranjman Rezonab, ak Fòm Demann Nwit EA a ap disponib nan resepsyon otèl yo ak nan biwo direksyon chèltè yo nan lang anglè epi tradui nan lang sa yo lalwa egzije yo. Resepsyon otèl yo ak biwo jesyon chèltè yo dwe gen ladan tou enfòmasyon sou ki moun pou soumèt Fòm Bebisit ak Fòm Nuit yo bay ak lòt demann, kijan pou kontakte moun sa a, ak kijan pou ranseye sou estati yon demann. Otèl yo dwe bay patisipan EA yo sèvis transmisyon faks gratis pou komunikasyon ak EOHLC, lòt ajans leta, sèvis sosyal ak founisè medikal, ak sèvis legal.
2. Si otèl la oswa chèltè a pa kenbe ak rann disponib pou patisipan yo yon kopi Règ ak fòm sa yo nan lang lalwa egzije yo, sa ka konstitye yon defans kont yon vyolasyon règ si yon patisipan pa t resevwa yon kopi Règ yo nan lang lalwa egzije sa lè li te antre nan pwogram EA a oswa li gen aksè a yon tradiksyon konsa nan yon plasman anvan prezime vyolasyon an.
3. Si yon patisipan demontre konduit oswa omisyon yon manm fwaye EA patisipan an pa te gen okenn kontwòl sou konduit li lakòz yon vyolasyon Règ sa yo oswa règleman EA yo, sanksyon disiplinè a ka sispann, depi patisipan an:
 - a. retire manm fwaye sa a san pèdi tan nan konpozisyon fwaye a; epi
 - b. patisipan an ak tout lòt granmoun manm fwaye a modifye plan relojman yo a pou egzije yo pran mezi rezonab pou anpeche ansyen manm fwaye a retounen nan yon chèltè oswa batiman otèl kote yo mete fanmi EA yo, ki ka gen ladan, si sa nesèsè pou anpeche yon retou, egzekite epi aktivman aplike sou pwòp non li yon òdonans prevansyon abi dapre M.G.L. c. 209A oswa kowopere ak efò chèltè a oswa direksyon otèl la pou egzekite epi aktivman aplike kont manm fwaye sa a yon avi « entèdiksyon pou antre » dapre M.G.L. c. 266, § 120 oswa yon òdonans anti-agresyon dapre M.G. c. 258.
4. Tèm « rezon valab », jan yo itilize l nan règ sa yo, vle di bon rezon jan 760 CMR 67.06 (6)(a)5 detèmine sa sof si yo presize espesyalman lòt motif pou rezon valab yo.



5. EOHLC pral bay asistans lengwistik jan lalwa egzije sa pou tout kominikasyon avèk aplikan EA yo ak patisipan yo. Tout tradiksyon apati de lang anglè a dwe endike sizoka ta gen konfli ant yon vèsyon anglè yon dokiman ak yon tradiksyon, vèsyon anglè a dwe kenbe, depi yon fwaye EA pa pral responsab pou konduit ki pran sou baz yon tradiksyon ki pa kòrèk.
6. EOHLC ak founisè chèltè EA, tankou otèl, yo kouvri pa Lwa sou Ameriken Andikape yo (ADA) ak lwa asosye ki anpeche diskriminasyon kont epi ki mande sèten aranjman rezonab oswa modifikasyon pou moun ki kalifye kòm andikape. Si w gen difikilte pou respekte nenpòt nan Règ sa yo akòz yon andikap, ou ka mande yon aranjman rezonab oswa modifikasyon lè w ranpli yon fòm demann Aranjman Rezonab EOHLC ADA epi voye li avèk dokiman medikal sipò yo bay EOHLC.

☒ Konklizyon

- Si w gen kesyon sou sa règ sa yo vle di, ou ka adrese w ak Kowòdonatè Sanzabri EOHLC w la. Nan yon chèltè, ou ka mande anplwaye chèltè yo tou. Nan yon otèl, ou ka mande tou kowòdonatè tranzisyon pou sanzabri yo, vizitè FOR Families, anplwaye sipò otèl EA, oswa lyezon HomeBASE ou.
- Nou espere rezime sa yo rann li pi fasil pou w konprann kisa règ yo ye. Pou kenbe yo kout ak senp, yo pa di ou tout bagay sou règ yo. Si kontni yo rezime ak vèsyon konplè Règ yo diferan, lang vèsyon konplè a ap aplike.



Chèltè Familyal Ijans EA Resi Règ Pwogram Chèltè Inifòm

Tanpri li deklarasyon an ak anpil atansyon. Apre sa, siyen, enprime epi mete dat jodi a.

Lè mwen siyen, mwen konfime mwen te resewa yon kopi Règ Pwogram Chèltè Inifòm yo epi mwen dakò ak Règ sa yo. Mwen konprann fanmi mwen pral oblije swiv Règ Pwogram Chèltè Inifòm yo lè nou nan chèltè a. Mwen konprann tou, si fanmi m pa obeye règle yo, yo ka mete fanmi m deyò nan chèltè a.

Siyati Granmoun: _____

Siyati Granmoun: _____

Non an Lèt Detache: _____

Non an Lèt Detache: _____

Dat Jodi a: _____

Dat Jodi a: _____

Siyati Granmoun: _____

Siyati Granmoun: _____

Non an Lèt Detache: _____

Non an Lèt Detache: _____

Dat Jodi a: _____

Dat Jodi a: _____

Pou Anplwaye a Sèlman Itilize:

Lè mwen siyen, mwen konfime mwen te bay moun non li (yo) mansyone pi wo a yon kopi Règ Pwogram Chèltè Inifòm yo nan lang li prefere a (oswa avèk yon fòm aksè nan lang si nou pa gen yon vèsyon nan lang li prefere a) epi mwen te fè fanmi an konnen vèbalman tout fanmi ki nan chèltè yo dwe respekte Règ Pwogram Chèltè Inifòm yo. Mwen te fè fanmi an konnen tou yo ka sispann nan chèltè a si yo pa obeye règle yo, epi refize siyen resi a pa pral lakòz yon egzansyon nan règle yo.

☐

Verifye si moun (yo) ki mansyone pi wo a te refize siyen fòm sa a.

(Si w tcheke bwat sa a, tanpri ekri non yo an lèt detache nan espas ki anwo a (yo).)

Siyati Anplwaye a: _____

Non an Lèt Detache: _____

Dat: _____